



Fich Enfòmasyon #8

Òganizasyon ak Finansman Rezidan

Lè yon pwopriyete lojman piblik konvèti nan kad RAD, rezidan yo konsève dwa yo pou òganize ak resevwa finansman nan mèt pwopriyete a pou sipòte patisipasyon rezidan an. Fich enfòmasyon sa a eksplike kijan dwa sa yo fonksyone nan kad RAD la.



Èske m ap gen dwa pou òganize apre Kovèsyon RAD la?

WI! Rezidan ak pwopriyete ki konvèti nan kad RAD la gen dwa, epi nou ankouraje yo fòme ak jere yon **Òganizasyon Rezidan**. HUD rekonèt enpòtans patipasipasyon rezidan yo nan amelyorasyon kalite lavi pou rezidan yo. Òganizasyon ak konsèy rezidan yo travay pou amelyore satisfaksiyon rezidan yo epi patisipe nan inisyativ ki pèmèt rezidan yon kreye yon anviwònman vi pozitif pou tout fanmi yo.

Nan kad pwogram lojman piblik la, dwa sa yo garanti dapre règleman 24 CFR Part 964. HUD te konsève dwa sa yo apre konvèsyon an. Mèt pwopriyete yo dwe kontinye rekonèt òganizasyon rezidan ki lejitim yo, ankouraje kreyasyon yon òganizasyon si pa déjà gen youn, bay finansman pou sipòte òganizasyon sa yo, epi pran an konsiderasyon yon fason rezonab enkyetid òganizasyon sa yo soulike. Nou ankouraje konsèy rezidan yo rankontre regilyèman mèt pwopriyete a, souvan PHA a, pou diskite sou pwoblèm yo, planifye aktivite yo, epi evalye pwogrè ki fèt. **Sepandan, olye yo gade sou 24 CFR Part 964 pou dwa lokatè' rezidan pwopriyete RAD yo pral kounye a kouvri dapre 24 CFR Part 245.** Seksyon sa a gen ladan pwoteksyon ki pi fò ak pi presi pou òganizasyon lokatè. Anplis de dwa ki enkli nan seksyon sa a, konsèyrezidan yo nan pwopriyete RAD yo kontinye elijib pou fon patisipasyon lokatè yo.



QKisa ki fè yon òganizasyon rezidan “Lejitim”?

Pou yo konsidere I kòm “lejitim”, òganizasyon rezidan w lan dwe:

- Etabli pa rezidan pwopriyete a;
- Reyini regilyèman;
- Fonksyone demokratikman;
- Reprezante tout rezidan nan pwopriyete a; epi
- Konplètman endepandan de mèt pwopriyete a, administrasyon an ak reprezantan li yo, ak otorite lojman piblik la.

Si pa gen òganizasyon rezidan ki lejitim nan pwopriyete w la, HUD ankouraje mèt pwopriyete w la pou aktívman enplike rezidan yo epi devlope yon relasyon travay konstriktif.



Kisa ki Aktivite Òganizasyon Rezidan Pwoteje?

Pwopriyetè a dwe pèmèt rezidan yo ak òganizatè rezidan yo:

- Kontakte lòt rezidan;
- Mennen ankèt bò kote rezidan yo pou detèmine enterè nan tabli yon òganizasyon oswa pou ofri enfòmasyon konsènan yon òganizasyon;
- Distribye depliyan nan ral yo oswa nan espas komen yo epi plase depliyan sou oswa anba pòt rezidan yo;
- Mete enfòmasyon sou tablo afichaj yo;
- Asiste rezidan yo pou patisipe nan aktivite òganizasyon rezidan yo;
- Òganize regilyèman reyinyon ki pwograme nan lye kote rezidan yo ka fasilman patisipe epi kote pèsònèl administrasyon an pa ka patisipe si yo pa envite l;
- Mennen lòt aktivite rezonab; epi
- Kowòdone yon entèvansyon nan non rezidan yo pou aksyon ki pwopoze tankou pase de sèvis piblik ki peye pa pwopriyetè a sèvis piblik ki peye pa rezidan, diminye alokasyon sèvis piblik rezidan yo, ogmante lwaye ak gwo travay konstriksyon oswa modènizasyon nan pwopriyete w la.

Anplis de aktivite sa yo, mèt pwopriyete yo dwe pèmèt rezidan yo ak òganizatè rezidan yo mennen aktivite rezonab ki asosye ak etablisman oswa fonksyònman yon òganizasyon rezidan. Mèt pwopriyete yo pa ka mande rezidan yo oswa òganizatè rezidan yo jwenn otorizasyon anvan yo poze aksyon ki dekri isit la. Pwopriyetè yo ak administratè yo dwe tou pèmèt asosyasyon rezidan an, oswa rezidan k ap chèche kreye yon asosyasyon, itilize yon sal kominotè oswa lòt espas ki disponib ak apwopriye pou reyinyon, menm si yo ka fè yo peye yon frè rezonab.



Èske òganizasyon rezidan mwen an ap toujou resevwa Finansman Patisipasyon Rezidan Apre RAD?

Apre yon konvèsyon RAD, mèt pwopriyete a dwe kontinye mete de kote finansman **patisipasyon rezidan nan montan \$25 pa apatman ki okipe pa ane**. Pra egzanp, yon pwopriyete ki gen 100 inite, pwopriyetè a mete disponib \$2,500 chak ane pou sipòte patisipasyon rezidan. Fon sa yo swiv menm règ ak pwosedì ke sa ki aplike nan kad pwogram lojman piblik la

Sou chak \$25 pa lojman ki okipe, mèt pwojè a dwe fè omwen \$15 nan montan sa a ki disponib pou òganizasyon rezidan “lejitim nan” pou finanse aktivite patisipasyon rezidan tankou edikasyon rezidan, òganizasyon konsènan pwoblèm lokatè ak aktivite fòmasyon. Pwopriyetè a ka remèt tout \$25 pa apatman ki okipe a bay òganizasyon lokatè a oswa li ka itilize jiska \$10 nan montan sa a pou peye dirèkteman depans pou administre aktivite patisipasyon rezidan yo.

Si konsèy rezidan w lan pa t itilize fon patisipasyon rezidan yo anvan li patisipe nan RAD, lajan sa a pral toujou disponib pou òganizasyon rezidan w lan itilize apre konvèsyon an.

Fich Enfòmasyon #8: Òganizasyon ak Finansman Rezidan

Yon konsèy rezidan ak pwopriyetè dwe jwenn yon antant alekri sou itilizasyon fon patisipasyon rezidan an. Antant alekri a dwe gen ladan:

1. Itilizasyon elijib fon yo;
2. Yon bidjè òganizasyon rezidan an prezante;
3. Kijan òganizasyon rezidan an pral mande finansman; epi
4. Kijan òganizasyon rezidan an pral rann kont pou lajan ki depanse yo.

Òganizasyon rezidan yo ka konsilte biwo lokal asistans jiridik yo a pou kesyon oswa enkyetid anvan yo siyen yon antant alekri avèk nouvo mèt pwopriyete w la.

Wòl Mèt Pwojè a

- Jwenn yon antant alekri avèk òganizasyon rezidan an;
- Bay òganizasyon rezidan an fon patisipasyon lokatè a;
- Administre fon yon fason rezonab, tankou tabli yon politik sou fason òganizasyon rezidan an fè demann fon; epi
- Epi asire ke fon sa yo sèvi pou objektif ki admisib.

Wòl Òganizasyon Rezidan an

- Jwenn yon antant alekri avèk Mèt Pwojè a;
- Soumèt yon bidjè pou itilizasyon fon Patisipasyon Lokatè yo;
- Sètifye ke tout depans konsèy rezidan yo pral sèvi pou rezon ki admisib; epi
- Asire kontabilite bay Mèt Pwojè a pou itilizasyon fon yo.

Itilizasyon Admisib Fon yo:

Yon lis konplè itilizasyon admisib fon yo nan **PIH Notice 2021-16**. Itilizasyon otorize yo gen ladan yo, men pa sèlman:

1. Aux efforts de consultation et de sensibilisation qui soutiennent l'interaction active entre le propriétaire et les résidents,
2. Aux activités qui informent les résidents sur les questions qui affectent les ménages résidents et leur environnement de vie,
3. Aux enquêtes auprès des résidents,
4. Aux activités communautaires qui renforcent la participation des résidents,
5. Au développement du leadership, formation des ménages, orientation et formation des nouveaux et anciens résidents sur les responsabilités des résidents,
6. Aux élections et organisation des conseils de résidents,
7. À la planification de la revitalisation, la sûreté et la sécurité, gestion et entretien de la propriété et amélioration des immobilisations,

Fich Enfòmasyon #8: Òganizasyon ak Finansman Rezidan

8. Depans pou rafrechisman rezonab ak kolasyon lejè nan reyinyon rezidan yo,
9. Alokasyon pou manm eli konsèy rezidan yo ki sèvi kòm volontè, epi
10. Otosifizans ak aktivite ranfòsman kapasite.

Tanpri sonje ke menm lè yon pwopriyete pa tabli yon òganizasyon rezidan, pwopriyetè a toujou oblige itilize finansman patisipasyon rezidan an pou sipòte kreyasyon yon òganizasyon rezidan pou itilizasyon admisib yo ki endike anwo a.



Kisa Òganizatè Rezidan yo ye?

Yon “òganizatè rezidan” se yon moun ki asiste lòt rezidan nan tabli ak fè fonksyone yon òganizasyon rezidan, epi ki pa yon anplwaye oswa reprezantan aktyèl oswa potansyèl pwopriyetè, administratè oswa ajan yo. Nan kad RAD la, mèt pwopriyete yo dwe pèmèt òganizatè rezidan yo asiste rezidan yo nan tabli ak fè fonksyone òganizasyon rezidan yo. Òganizatè rezidan yo kapab rezidan pwopriyete y ap òganize a, oswa yo ka abite yon lòt kote. Si yon pwopriyete aplike yon fason koyeran, yon politik koyeran kont demachaj, alòske yon òganizatè rezidan ki pa abite nan pwopriyete a dwe akonpaye pa yon rezidan pandan li nan pwopriyete a. Si yon pwopriyete gen yon politik ekri ki favorize demachaj, oswa si pa gen politik demachaj, nenpòt òganizatè rezidan dwe jwi menm privilèj ak dwa daksè ak lòt pati eksteryè ki pa envite nan dewoulman nòmal operasyon an.



Cleveland, OH: Lidè rezidan ki soti nan Bohn Tower ak anplwaye ki soti nan Otorite Lojman Metrópoliten Cuyahoga diskite sou konvèsyon konplè RAD la ak wòl rezidan yo te jwe nan pwosesis la.